# ЖАСЛАР САНАСЫНДА ӘДЕП-ИКРАМ ҲӘМ ҲУҚЫҚЫЙ ТӘРБИЯНЫ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДЕ КӨРКЕМ ӘДЕБИЯТТЫҢ ОРНЫ

**Е.К.Алламбергенов** - *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** узлуксиз таълим ва ҳуқуқшунослик, адабий-бадиий асарлар, одоб-икром мезонлари, ҳуқуқий тарбия, фуқаролик ҳуқуқлари, ҳуқуқ бузарликқа қарши кураш ғоялари.

**Ключевые слова:** непрерывное образование и правоведение, законы нравственности, правовое воспитание, гражданские права.

**Key words:** life-long education and public law, works of fution ethic-moral laws, law education, civilian rights.

Елимизде ҳуқықый демократиялық мәмлекет, күшли пуқаралық жәмийет, еркин базар қатнасықлары ҳәм жеке меншикликтиң үстинлигине тийкарланған экономиканы қурыўда усы мәмлекет ҳәм жәмийеттиң тырнақ тасын, негизин қалаўшылар болған халық массасын, соның ишинде мәмлекеттиң ертеңи, келешеги болған жас әўладты билимли, аңлы, ҳуқықый жақтан мәдениятлы ҳәр тәреплеме жетилискен кәмил инсанлар етип жетилистириўде ҳуқықый тәрбияның атқаратуғын хызмети айрықша. Бул тәрбия, әлбетте, биринши гезекте, Өзбекстан Республикасының бас нызамы болған Конституцияны үйрениўден, оны билиўден ҳәм оған ҳүрмет етиўден басланады. Сол ушын да Өзбекстан Республикасының Президенти Ш.М.Мирзиёев өз Президентлик искерлигине кирискен дәслепки күнлерден баслап-ақ Нызам үстинлигине үлкен әҳмийет берип, оны тәмийинлеў елимизди раўажландырыўдың ҳәм халық абаданлығын тәмийинлеўдиң гиреўи екенлигин пүткил мәмлекетлик ҳәкимиятқа баслы ўазыйпа етип қойған еди. Мысалы, Президентимиз Өзбекстан Республикасы Конституциясының 24 жыллығына бағышланған салтанатлы мәресимде жасаған баянатында 1992-жыл 8-декабрьде Өзбекстан Республикасы Конституциясының қабыл етилиўи елимиз турмысында әҳмийетли тарийхый ўақыя болғанлығын атап өтип, оның жаратылыўы ҳәм турмысымызға ендирилиўинде заманымыздың уллы мәмлекетлик ғайраткери, уллы жолбасшымыз, ҳүрметли Биринши Президентимиз Ислам Абдиғаниевич Каримовтың хызмети шексиз екенлигине айрықша баҳа берген еди [1].

Нызам үстинлигин тәмийинлеў арқалы «Инсан ҳәм оның қәдир-қымбаты» биринши орынға қойылыўы ҳаққындағы Биринши Президентимиз тәрепинен мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы жөнелислерине айланған бул өмиршең идея Президентимиз Ш.М.Мирзиёевтың 2017-жыл 7-февральда жәриялаған Өзбекстан Республикасын буннан былай да раўажландырыў бойынша ҳәрекетлер стратегиясы ҳаққында»ғы Пәрманы менен және де беккемленди. Усы Ҳәрекетлер стратегиясының 5 әҳмийетли бағдарының 2-бағдары тиккелей усы мәселеге бағышланып, «Нызам үстинлигин тәмийинлеў ҳәм суд-ҳуқық системасын буннан былай да реформалаў» [2] деп белгиленген. Бул екинши бағдарда ҳуқықый мәселелерге дыққат берилип, ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў системасына, жынаятшылыққа қарсы гүресиў ҳәм жәмийетлик тәртипти сақлаў, ишки ислер уйымының жумысын түптен жетилистириўге айрықша итибар қаратылған [2].

Ҳақыйқатында да, Президентимиз Ш.М.Мирзиёевтың әдил баҳа бергениндей, Биринши Президентимиз И.А.Каримов ғәрезсизлигимиздиң дәслепки жылларынан баслап-ақ Өзбекстанның келешекте уллы мәмлекет болыўы, оның ғәрезсизлигин беккемлеў ушын халық хожалығының барлық тараўларын, социаль-экономикалық, сиясий-мәдений, мәнәўий-руўхый турмысымызды жаңалаў сыяқлы үлкен реформалар менен бирге «пуқаралардың елди басқарыўдағы ролин арттырып барыўды тийкарғы орынға қоятуғын ҳуқықый демократиялық еркин пуқаралық жәмийет қурыў, былайынша айтқанда, «Күшли мәмлекеттен күшли пуқаралық жәмийетке қарай» бағдарламасын иске асырыў идеяларын да ортаға таслап, оны мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтериўди бас ўазыйпа етип қойған еди.

Әлбетте, бул ушын, ең биринши гезекте, жәмийетлик өмиримизде пуқаралық институтлар системасын тереңнен ен жайдырыў, сол арқалы мәмлекетимиздиң ертеңи болған жаслар санасына ҳуқықый билим, көнликпе, мәдениятты, кулласы, ҳуқықый тәрбияны кеңнен ҳәм тереңнен ендириў керек болды ҳәм бул бағдарда әдеўир табыслардың қолға киргизилгенлиги де ҳеш кимге сыр емес. Атап айтсақ, Биринши Президентимиз И.А.Каримов Өзбекстан Республикасының Олий Мәжилисиниң 6-сессиясында «Халықтың ҳуқықый тәрбиясын түпкиликли жаңалаў, оның ҳуқықый мәденияты дәрежесин арттырыў, ҳуқықый информацияның кең майданын жаратып бериў-ҳуқықый мәмлекетти орнатыўда әҳмийетли бағдар болып табылады» [3] деп көрсетип, бул бағдардың ҳақыйқый бағдарламалық тийкарларын жаратып берди. Себеби, Президентимиздиң бул жоқары минберде шығып сөйлеген сөзинен кейин бул бағдар изли-изинен жүйели мақсетли рәўиште арнаўлы пәрманлар ҳәм мәмлекетлик бағдарламалар менен тастыйықланды. Биринши Президентимиздиң 1997-жыл 27-июньдеги «Ҳуқықый тәрбияны жақсылаў, халықтың ҳуқықый мәдениятын жоқарылатыў, ҳуқықтаныўшы кадрлар системасын жетилистириў, жәмийетшилик пикирин үйрениўди жақсылаў ҳаққында»ғы Пәрманы, усы тийкарда сол жылы 29-августтағы қабыл етилген «Жәмийеттеги ҳуқықый мәдениятты жоқарылатыў» миллий бағдарламасы, мине, бул бағдардағы оғада әҳмийетли сиясий-ҳуқықый ҳүжжетлер болды.

Ҳуқықый мәдениятты жоқарылатыў ҳаққындағы бул идея Биринши Президентимиз И.А.Каримовтың 2010-жыл 27-январьдағы «Елимизди модернизациялаў ҳәм күшли пуқаралық жәмийет қурыў - ең әҳмийетли мақсетимиз» атлы баянатында және бир мәртебе тастыйықланды.

Бул сиясий-ҳуқықый ҳүжжетлер менен Президентимиздиң басқа да шығып сөйлеўлериниң мәнисине сер салып қарасақ, ҳуқуқый мәдениятты жетилистириў ҳәм орнатыў, биринши гезекте, тийкарғы нызамымыз болған Конституцияны ҳүрметлеўден, оны үйрениўден басланады [4]. Президентимиздиң 2001-жыл 4-январьдағы Пәрманында бул мәселе айқын көрсетилген. Бул пәрманға муўапық 2001-жыл 1-сентябрьден баслап Өзбекстан Республикасының үзликсиз тәлим системасында балалар бақшасынан баслап жоқары билимлендириўдиң соңғы басқышларына шекем Өзбекстан Республикасының Конституциясы тийкарғы бас нызамымыз ҳәм ҳуқықый билимлеримиз тийкары сыпатында кеңнен үгит-нәсият етилип киятыр. Жоқарыда аты аталған пәрманның айқын турмысқа ендирилиўиниң усындай мысаллары сыпатында мектепке шекемги билимлендириў мәкемелеринде арнаўлы курс сыпатында үйренилип атырған «Конституция сабақлары»н, баслаўыш класслар менен 5-7, 8-9-классларда үлги оқыў бағдарламалары тийкарында өтилип атырған «Конституция сабақлары», «Конституция әлемине саяхат», «Өзбекстан мәмлекети ҳәм ҳуқықы тийкарлары», «Конституциялық ҳуқық тийкарлары» пәнлери, және де академиялық лицей ҳәм орта арнаўлы кәсип-өнер колледжлери, жоқары оқыў орынларындағы ҳуқықый билимлендириў ҳәм тәрбияға байланыслы алып барылып атырған кең көлемли жумысларды келтирип кетиўимиз мүмкин.

Бирақ, қәнигелердиң дурыс көрсеткениндей, ҳуқықый мәдениятты жетилистириўди, сол мақсетте ҳуқықый билим бериўди ҳәм тәрбияны тек билимлендириў системаларында билим ҳәм көнликпелер бериў менен шеклеп болмайды. Бул орында тарийх, көркем әдебият, миллий мийраслардың атқаратуғын хызмети айрықша [5:47].

Усы көзқарастан көркем әдебий дөретпелерге ақыл-пикир жуўыртатуғын болсақ, түркий дүньяда, улыўма шығыс халықларында ҳуқықый билимлендириў ҳәм тәрбияның пайда болыў, қәлиплесиў дереклери көбирек көркем сөз арқалы жаслар аңына сиңдирилип келгенлигиниң гүўасы боламыз.

Бул мәселеде жүдә алыс дәўирлерден мысал излемей-ақ, ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ әдебиятына, соның ишинде поэзиядағы шайырларымыз қосықларына пикир жүритетуғын болсақ, оларды жаслар тәрбиясы мәселесине айрықша итибар қаратып, жасларымыздың озық ойлы, тереңпикирли, билимли, өз ана ўатанына садық, ел-халқының тәғдири ушын ат салысатуғын жанкүйер, мәрт, ҳадал, расгөй, мийнетсүйгиш инсанлар болып жетилисиўинде айрықша әҳмийетке ийе болған мәселелерди бәлент пафосларда үлкен шайырлық йош пенен жырламақта.

Атап айтатуғын болсақ, жаслар тәрбиясына байланыслы усындай ой-пикирлер ҳәм идеялар Ибрайым Юсуповтың «Мустақиллик майданынан өткенде», «Төк таўындағы ойлар», «Жаңа әсирге», «Алыс әўладларға», «Көринер болың», «Исбилерменлерге», «Көзлеримниң ағы-қарасы қызлар», «Ҳәр кимниң өз заманы бар», «Мен муғаллим деген халықты сүйемен», «Компьютер заманының муғаллим-лерине», Толыбай Қабуловтың «Анам айтқан термелер», «Туўылған жер», «Гөне журтта», «Саған ҳуқық берилген», «Қарақалпақпан», «Перзентлериме», «Ким болыўды қәлейсең?», «Ашкөзлер», Сағынбай Ибрагимовтың «Ушып-қонар еди (ядымда мениң)», «Таңларда

бағымда сайрайды бир қус», «Жанып турған отқа өзимди ураман», Мәтибай Бердиевтиң «Ўатан, сениң аспаның бийик!», «Ҳадаллықтың барына инан», «Нилуфар», Жуманияз Өтениязовтың «Жың-ғыл гүллери», «Тырналар», «Өзбекстан Конституциясы», «Ўатан», «Қарақалпақстаным», Гүлистан Мәтякубованың «Өз үйиңди өзиң асыра», «Садықлық», «Адам улы бир гүл», «Жақсылық ет», «Өмир-жемис», Нәбийра Төрешованың «Өзлигимиз бар», «Ана тилим», «Арал қызлары», «Әзийзим», «Арузлар» Минайхан Жуманазарованың «Халқым», «Шет елде талап ислеп жүрген балаларыма», «Қәстерлеп сақлаңлар бирбириңизди», «Сени», «Қәлбимде ай, куяшым күлди», Гүлистан Дәўлетованың «Туўған жер», «Баўырманым анажан», «Ўатан тәрийпи», «Ҳәзиргиниң балалары», «Не қылып жүрипсиз, балажанларым?!», А.Өтениязованың «Сизге тәжим, ана жер!», «Қаўын қос», «Интервью», «Улыма» қосықларында өзиниң ҳақыйқый көркем сәўлелениўин тапты. Шайырлардың бул шығармаларында сөз етилген темалар жаслар тәрбиясының жүдә көп мәселелерин өз ишине қамтып, бул қосықлар жасларымызды ўатансүйиўшилик, ел-халыққа хызмет етиў, өзликти аңлаў, ғәрезсизлик пенен мақтаныш етиў, исбилерменликтиң сырларын ийелеў, қызлар тәрбиясы, заманға сай билим алыў, ата-ананы қәдирлеў, кәсип таңлаў, қәнәәт етип жасаў, тәбиятты асыраўдай әдеп-икрамлылық, ҳуқықый мәдeният, жоқары адамгершилик сыяқлы ағла пазыйлетлерге тәрбиялайды.

Мәселен, И.Юсуповтың шығармаларында миллий колорит ҳәм терең халықшыллық руўх пенен сөз етилетуғын ўатанды сүйиўшилик ҳәм ел-халықты улығлаў сыяқлы тәрбиялық әҳмийети күшли идеяларды айтпағанның өзинде, шайырдың бүгинги күнде дүньялық масштабта глобал машқалаға айланып кеткен ҳуқықбузарлықтың алдын алыў, ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириў наркомания, коррупция ҳәм халық аралық терроризмге қарсы гүресиў, жәмийетимизге, улыўма адамзатқа жат болған бундай қәўипли иллетлерди жер жүзинен сыпырып таслаўға исеним ҳәм үмит билдириў, бундай жат идеялардан жасларымызды асыраў, сергек ҳәм қырағы болып ана ўатанымызды көздиң қарашығындай сақлаў киби темаларды сәўлелендирген қосықларының өзи келешек әўладлар ушын өз алдына тәрбия мектеби болып есапланады.

*Жаўызлық, менменлик, жаманлық күши,*
*Ҳәзир ҳеш кимге де басларын иймес.*
*Лекин қайсы елде Халық деген киси,*
*Тыныш ҳәм пәраўан жасаўды сүймес.*

*Бизден ақыллы ҳәм бахытлы әўлад –*
*Келип жаңа әсирдиң гөззал баллары,*
*Қойнында табысып мийрим, муҳаббат,*
*Тутассын дослықтың «Жипек жоллары».*

Уллы сөз зергериниң мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерисип өзиниң туңғыш қәдемлерин ата баслаған дәслепки жылларда жазған «Көзлеримниң ағы қарасы қызлар» атлы қосығы арадан шерек әсир өтсе де дәўир сынақларынан сүринбей өтип, өз қунын ҳәм актуаллығын жоғалтпай киятырғанлығы, жас өспирим қызлар, ата-аналар, улыўма, жәмийет ушын оғада әҳмийетли болған тәрбия, ҳуқықый тәрбия, әдеп-икрамлылық мәселелерин ортаға қойғанлығы менен дыққатымызды ериксиз түрде өзине қаратады. Қосықта шайыр өтмиш пенен бүгинги заманды салыстырып сүўретлеў, объектти (қызлар) юмор-сатира ҳәм мақтаў-тәрийп усылларының синтезинде ашып бере отырып, қызлардың жүрис-турысы, әдеп-икрамлылығы, сөйлеў ҳәм ҳуқықый мәденияты, кийиниў әдеби ҳәм т.б. мәселелерди сөз етиў арқалы ҳәр биримиздиң ойымызға қозғаў салады, ертеңги күн ҳаққында, жаслар, әсиресе, қызлардың келешеги туўралы бас қатырыўымызға мәжбүрлейди. Қызларға тек шайыр сыпатында емес, ал жанашыр ҳәм баўырман ата ретинде де ақылнәсият береди. Өткен дәўирлерде қызларымыздың өзлериниң сулыўлығы, әдеп-икрамлылығы, ийбелилиги, мәдениятлылығы, сабырлылығы, мәртлиги менен халықтың алғысына бөленип, нешше әсирлер өтсе де атлары әўладтан-әўладқа өтип гөззаллықтың ҳәм мәртликтиң тымсалы болып киятырғанлығын Ҳаўа Ене, Бийбипатма, Шаҳсәнем, Арыўхан, Ақшолпан, Гүлпаршын, Нәдира, Қыз жипек ҳәм т.б. сыяқлы ҳаял-қызларымыз бүгинги күнде де пир тутатуғын тарийхый ҳәм дәстанлық, әпсанәўий образлар мысалында келтирип өтеди ҳәм буларды қызларға тәрбия ҳәм үлги сыпатында көрсетеди. Шайыр қызлардың өмиримиздиң гүли, келешектеги аналар екенлиги сыяқлы ҳақҳуқықларының кең имканиятларын айта келип, қызларды усы уллы атқа ылайық болып жасаўға шақырады, айырым қызлардың бурынғы мамаларымыздың тутқан жолын ескиликтиң сарқыты деп қарап, әдеп-икрамлылық нормаларын турпайы түрде бузып, олардың пуқаралық ҳуқықларына шек келтирип атырғанлығын, кийиниў ҳәм сөйлеў мәдениятында базы бир ерси ҳәрекетлерди ислеп атырғанлығын жаны ашып сүўретлейди. Мысалы:

*Европадан үлги аламыз десип,*
*Мусылманнан орыс боламыз десип,*
*Дизелер ҳәррийип, юбканы кесип,*
*Қуйрықсыз бөдене болмайық, қызлар.*

*Рок-концерт әўиретин ашқандай,*
*Тап жиллиханадан жаңа қашқандай,*
*Қышқырар аяғын өгиз басқандай,*
*Соған жүдә ҳәўес базыбир қызлар.*

«Улды тәрбиялаған әскерди тәрбиялайды, қызды тәрбиялаған миллетти тәрбиялайды» дегениндей, шайырдың бул дөретпеси тек қызлар ушын емес, ал олардың тәрбиясы ушын жуўапкер болған ата-ана, мектеп, мәҳәлле, улыўма, жәмийетимиз ушын да үлкен ҳуқықый тәрбиялық әҳмийетке ийе.

Ғәрезсизлик жылларындағы әдебиятта жасларды тәрбиялаўға байланыслы мәселелер шайыра ҳаял-қызларымыз дөретиўшилигинде де айрықша йош, бәлент лапызда жырлана баслады. Буған мысал ретинде, әдебият майданында көп жыллардан берли қәлем тербетип бир қанша тәжирийбеге ҳәм айтарлықтай табысларға ерискен шайыра қызларымыз: Гүлистан Мәтякубова, Нәбийра Төрешова, Минайхан Жуманазарова, Гүлистан Дәўлетова, Пәтийма Мырзабаева, Гүлнара Нурлепесова, Алтынгүл Өтениязовалар дөретиўшилигиндеги жаслар тәрбиясына тийисли көп ғана қосықларын келтирип өтиўимизге болады. Олардың қосықларында мәртликти аңсаў, аналар исин даўам еттириўге болған антқа садықлық, пәклик, әдалатты, халық алдында ҳақыйқатлықты тартынбай айтыўға деген қуштарлылық, жигерлилик, сол арқалы ҳуқықбузарлық сыяқлы ҳәр қандай иллетлерге қарсы гүресиўге шақырыў бағыты айқын аңласылып турады. Мине, усындай шайыралардың бири – бул М.Жуманазарова болып табылады. Оның ел-халық, ўатан, муҳаббат, тарийх ҳәм бүгинги күнди синтезлеўден дөреген қосықлары китапқумарларды, соның ишинде жасларымызды да мәртликке, қайсарлыққа, өз елин, ўатанын ҳәм халқын сүйип жасаўға, расгөй, бир сөзли, ҳақыйқатшыл болыўға шақырады. Шайыраның жаратқан лирикалық қаҳарманлары кеўлиндеги мүддәҳәсин қыпсалай бермей туўрыдан-туўры, ашықтан-ашық, алмастай өткир сөзлери менен айта алады. Автордың «Халқым» қосығында «Алма өз мийўе ағашынан алысқа түспейди» дегениндей, халқымыздың өзине тән миймандослық, кең пейиллик, ақ көкиреклик, садалық, мәртлик, қайсарлық сыяқлы белгилерди өзинде жәмлеген, халқын жанындай жақсы көретуғын лирикалық қаҳарманның көркем образы жасалған болса, «Шет елде талап ислеп жүрген балаларыма» қосығында шайыра жаслар турмысына байланыслы өзи көзи менен көрип, жүреги менен сезинип, баўыры езилген турмыслық ҳәдийсени сөз етеди. Ҳәзирги ўақытта күн көрис ушын сырт еллерде талап ислеп, ҳуқық бузарлыққа жол қойып атырған қаншадан-қанша перзентлеримиз пул табамыз деп жат журтларда қыйналып жүрген болса, биреўлери ҳуқықый мәденияты төмен болғанлықтан ҳақ-ҳуқықларын билмей, ислеген мийнетине дурыслап ҳақы ала алмай алданып, кейнинде өз елине қайта алмай сарсаң кесек болып жүрген жоқ па?! Жоқарыда аты аталған қосығында шайыра, мине, усындай ашынарлы жағдайды сөз ете отырып, буның менен ҳәр бир ер жигит өз ар-намысын, бексултанлығын өзге журттағы базыбир кимселерге аяқ асты етпеўи, мейли, тапқаны аз болсын, бирақ ығбалбахтын өз елинде мийнет етип табыўы керек, деген идеяны айтады. Мысалы:

*Өримдей ғана, балларым,*
*Жүк тасып белиң талды ма,*
*Салып журттың тамларын,*
*Сыртта өзиң қалдың ба,*
*Бәрин де жаным сезеди,*
*Не болған, баллар, бахтыңа,*
*Айтшы, кимлер безеди,*
*Кисиликтиң тахтынан?!*

Тап усындай ҳуқықбузарлыққа қарсы гүрес идеясын бериўдеги ашық-айдынлық пенен бирге оларды сәўлелендириўдеги поэтикалық шеберликке, бийикликке умтылыўы Гүлистан Дәўлетованың «Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял» (2001), «Қыз тахтым» (2009) атлы қосықлар топламларында да анық көринип турады. Сонлықтан да ол ҳәзирги жас өспиримлеримиздиң болмас ислер менен шуғылланып, ҳәттеки нан пулы табыў ушын ғана алданып, тийкарғы келешек мақсет-мурады болған оқыў, өнер-билимди умытып жүргенлерине қатты қайғыра отырып, жазылған қосықларының бирин «Не қылып жүрипсиз, балажанларым!?» деп атап, ондағы қатарларында былай дейди:

*Бириңиз жүрипсиз базарды гезип,*
*Бириңиз жүрипсиз мазарды гезип,*
*Күйдирмең аналық қәлбимди езип,*
*Не қылып жүрипсиз, балажанларым!?*
*Орманбет үмити – алтын урпақсаң,*
*Жүзлериң жырылған дуздан, қурғақтан,*
*Оразан, Маманның руўхын шырлатпаң,*
*Арыңды таплама, балажанларым!*
*Қайыр сораў қанымызға сиңбеген,*
*Гәззаплық атына бабаң минбеген,*
*Қол жайғанды шайтан деген, жин деген,*
*Өнер жолын излең, балажанларым!*

Шынлығына келгенде, тап усы күнлери де базарлар менен мазарларда гейпара өзлери билмейтуғын қуран сүрелерин оқып, айырымлары базарларда қол арба айдап, пул табыўға бейим психологияға берилип өмир сүрип атырған балалар аз емес. Бирақ, оларды базар экономикасының сиясаты менен де, мийнеткешлик, мийнетке таярлаў принципи менен де ақлаў мүмкин емес. Оларға, ең алды менен, сондай жас өспиримлер менен балалардың ата-аналары, қалаберди, ҳәзирги жәмийетлик орталық жуўапкер екенлиги анық. Сол себепли де шайыр анық усы мәселени кескин түрде ортаға қоя отырып «Садақа сорайсыз, қалай тыңларман!? Жанымды алағой, балажанларым!», «Жүрегимди қанжар менен тилкимлеп, қан жылатпаң мени, балажанларым!»-деген сөзлерин шынлық, ҳадаллық, пәклик ҳәм мәртлик көзқарасларынан, бүгинги заманласларымыздың барлығы – басшы да, қосшы да дурыс түсингени ертеңги келешегимиздиң нуры болған балаларымыз, жасларымыз, улыўма келешек әўлад ушын жүдә үлкен әҳмийетке ийе деген пикирге келиўге туўра келеди.

Шайыраның «Ҳәзиргиниң балалары» қосығы да тиккелей перзент тәрбиясына бағышланып жазылған. Қосықта автор тәрепинен хәр бир перзент мисли бир бағқа уқсайтуғынлығы, оның мийўесиниң татлы ямаса ашшы болыўы бағманның бағқа берген тәрбиясына байланыслы екенлиги, сонлықтан жаман перзент болмайды, ал жаман тәрбия болады деген идея алға сүриледи.

Улыўма алғанда, жаслар тәрбиясы, соның ишинде ҳуқықый тәрбия мәселесинде көркем әдебияттың орны ҳәм хызмети жүдә үлкен. Өйткени, мәнәўият, мағрыйпет, мәдений мийрас, тарийхый естеликлер менен бир қатарда көркем әдебиятсыз мәнәўиятты қәлиплестириў, бүгинги жас әўладты шахс сыпатында жәмийеттиң ажыралмас бир бөлеги сыпатында кәмалға келтириў - қыйын ҳәм жуўапкерли мәселе.

**Әдебиятлар**


1. Нызам үстинлигин ҳәм инсан мәплерин тәмийинлеў - елимизди раўажландырыўдың ҳәм халық абаданлығының гиреўи. Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтың Өзбекстан Республикасы Конституциясы қабыл етилгениниң 24 жыллығына бағышланған салтанатлы мәресимдеги баянаты. /«Еркин Қарақалпақстан», 8-декабрь 2016-жыл, №148-149 (19923).
2. Өзбекстан Республикасын буннан былай да раўажландырыў бойынша ҳәрекетлер стратегиясы ҳаққында Өзбекстан Республикасы Президенти Пәрманы. 2017-жыл 7-февраль. / «Еркин Қарақалпақстан», 11-февраль 2017-жыл, №19 (19949).
3. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. -Т.: 1996.
4. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. -Т.: «Ўзбекистон», 2003.
5. Қудайбергенова Т. Ҳуқықый әдеп икрамлылық тәрбия ҳәм оны жетилистириў мәселелери. //«Илим ҳәм жәмийет», №3, 2015.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ҳуқуқий тарбия, ҳуқуқбузарликка қарши кураш ғояларининг бадий асарларда акс этиши масаласи И.Юсупов, М.Жуманазарова, Г.Давлетова каби шоирларнинг мустақиллик йилларидаги асарлари мисолида таҳлил этилган. Шундай қилиб, одоб-икром, ҳуқуқий малака ва ҳуқуқий маданиятни ёшлар онгига сингдиришда бадиий адабиётнинг тарбия қурали сифатида бажарадиган эстетик вазифаси ниҳоятда кучли эканлиги аниқ мисоллар воситасида кўрсатиб берилган

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается анализу вопросов правового воспитания и отражения идей борьбы против нарушений закона в художественной литературе за годы независимости на примере поэтических произведений известных поэтов И.Юсупова, М.Жуманазарова и Г.Даулетовой. Делаются выводы о том, что художественная литература играет большую эстетическую роль в качестве средства воспитания в нравственном и правовом воспитании и повышения правовой культуры в сознании молодёжи.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of issues of law education and exprossing the ideas of struggle against law violation in the works of fiction the years of Independence on the example of the works of the famous poets I.Yusupov, M.Jumanazarova and G.Dauletova. In the conclusion it is emphasized that literary work plays a great aesthetic role as a means of upbringing in moral and law education and development of law culture in the youth’s consciousness.


## ЭЛЕКТРОН ЎҚУВ КУРСЛАРИ (ЭЎК)НИ ЯРАТИШ


**М.Алламбергенова** - *педагогика фанлари номзоди, доцент*
**Қ.О.Зарипов** - *таълимда ахборот технологиялари мутахассислиги 2 курс магистранти*
*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*



**Таянч сўзлар:** электрон ўқув курси (ЭЎК), замонавий электрон ўқув курси, электрон ўқув мажмуа, online, иллюстрациялар, хрестоматик тўплам, гиперматнли технологиялар.

**Ключевые слова:** электроный учебный курс (ЭУК), современный электронный учебный курс, электронный учебный комплекс, онлайн, иллюстрации, хрестоматический комплекс, гипертекстовая технология.

**Key words:** E-learning course (E-LC), the modern e-learning course, e-learning complex, online, illustration, reading complex, , the hypertext technology.


Республикамиз ижтимоий ҳаётида янгича қарашлар қарор топаётган бир шароитда педагог кадрларни тайёрлаш, бу борада замонавий педагогик ва ахборот технологияларидан, жумладан, электрон ўқув курсларидан фойдаланиш масалаларига алоҳида эътибор қаратилмоқда.

Ўқув-тарбия жараёнида электрон ўқув курси (ЭЎК) нинг ўрни ҳақида гапирганда, турли таълим шакллари, шу жумладан, аралаш таълим шакллари, ёнма-ён борадиган таълим шакллари, бу борада алоҳида аҳамият касб этади. Технологик нуқтаи назардан, таълим жараёни барча қатнашувчиларининг имкониятлари ва эҳтиёжлари ҳисобга олинган ҳолда, ўқув-методик ресурсларни тақдим этишнинг методик асосланган принципларини ишлаб чиқиш ва ўқув-методик, илмий-тадқиқот ҳамда ахборот ресурслари тизимидан фойдаланишни ташкиллаштириш ва электрон ўқув курсларини яратиш, бу йўналишдаги асосий вазифалардан бири ҳисобланади.

Замонавий таълим услубиёти компьютер технологиялари ёрдамида ўқитиш принципларини амалга оширишнинг янада самарали усулларини изламоқда. Бу борада электрон ўқув курслари замонавий таълим услубиётида имкониятларни юзага чиқарувчи дастур-и амал бўлиб хизмат қилмоқда.

*Замонавий электрон ўқув курси* - бу компьютер технологиялари ва интернет воситаларини қўллашга асосланган яҳлит дидактик системадир. Унинг асосий максади индивидуал ва оптимал ўкув дастури бўйича фақат ўқувчиларни ўқитиш эмас, балки шу билан биргаликда таълим жараёнини бошқариш хамдир. Видеотасвирлар, анимацион лавхалардан иборат овозли динамик рангли тасвирлардир.

*Электрон ўқув курси(ЭЎК)* - бу ўкув материалининг умуман янги кўринишидир. Уни ўзлаштириш учун маълум ва асосланган, тушунарли бўлган барча нарсаларни акс эттириш керак [1].

Бугунги кунда асосан қуйидагилар электрон ўқув курслари хисобланади:

- ўқув фанининг энг мухим алоҳида бўлимлари нашри (маъруза, мустакил иш, назорат топшириклари ва тестларни электрон курслари);
- ўқув фани бўйича маълумотномалар ва маълумотлар базалари;
- машқ ва масалалар тўплами;
- турли машғулотларни қўллаб-қувватловчи компьютерли иллюстрациялар;
- хрестоматик тўплам;
- назорат қилувчи компьютер дастурлари;
- ўқув эксперименти, лаборатория ишлари, қурс ишлари ва диплом лойиҳаларини олиб бориш бўйича методик кўрсатмалар [2].